

## **Pou Paran ak Moun k ap Bay Swen yo: Byenvini nan Swen pou Adolesan**

**Ekip swen ou an:**

**Lè Klinik lan Ouvè:**

**Pran oswa anile randevou:**

---

Byenvini nan kay medikal ou an ki la pou Medsin Adolesan. Yon kay medikal se yon patenarya ki baze sou konfyans ant yon ekip swen sante ak yon pasyan enfòme ak moun kap bay swen yo. Nou bay bonjan kalite swen sante pou adolesan ak jèn adilt.

Menm jan ak pi piti pasyan yo, objektif nou se ede pitit ou a konpòte li nan yon fason ki ap ede yo rete an sante, idantifye pwoblèm sante bonè epi bay bon jan swen sante ki siperyè. Pitit ou a ap grandi, kidonk kò yo, konpòtman yo ak bezwen swen sante yo ap chanje. Poutèt sa, fason nou bay swen sante yo ap chanje tou. Li enpòtan pou w kenbe egzamen sante ànyèl pitit ou a, anmenmtan ak vizit regilye pou vaksen li yo, egzamen espesyalize yo oswa nenpòt pwoblèm ki ta parèt.

Kòm adolesan yo kòmanse vin adilt epi yo kòmanse ap pran plis responsabilite lavi yo, nou mande opinyon yo plis sou sante yo. Malgre ke jèn timoun yo bezwen paran yo oswa gadyen yo nan sal la pou yo santi yo an sekirite epi pou yo bay enfòmasyon egzat sou istwa medikal, adolesan yo bezwen kèk tan prive pou kont yo avèk founisè medikal yo. Etan done n ap bay yon swen sante ki konplè, **sa antre nan pratik nou pou nou mande paran/moun k ap bay swen yo rete tann deyò pou yon pati nan entèvyou a ak egzamen fizik la epi nou rekòmande adolesan an pou li diskite sou pwòp opinyon li sou pwoblèm li yo.** Pale ak adolesan an san paran an tou bay adolesan yo yon chans poze kesyon oswa bay enfòmasyon yo ka santi yo timid pou yo pale. Pandan ke nou konprann ke kèk adolesan ka pale ak paran yo sou sijè sa yo, anpil ka santi yo jennen pou yo pale sou enkyetid yo devan paran yo oswa devan gadyen yo. Pafwa adolesan yo ka kache konpòtman yo konsa yon paran/gadyen pa p premye moun ki okouran. Objektif nou se ede anpeche ak idantifye konpòtman sa yo anvan yo vin grav.

Lwa Eta New York egzije pou nou ofri kèk sèvis pou adolesan yo an prive. Adolesan ou an ka chèche sèvis sa yo poukонт li nan nenpòt sant sante. Nan pifò ka yo, sèvis sa yo ap konfidansyèl epi gratis. Lè nou ofri sèvis prive sa yo, objektif nou se pou adolesan ou an gen konfyans nan nou pou yo ka pataje enkyetid yo konplètman epi pou nou ka ede yo chwazi konpòtman ki an sante. Rann adolesan ou an responsab sante I ka ankoraje yo tou pou yo adopte konpòtman ki an sante poukонт yo. Anmenmtan, **nou ankoraje pasyan adolesan nou yo tou pou yo diskite sou nenpòt kesyon enpòtan oswa pwoblèm yo ka genyen ak yon paran oswa gadyen legal yo a chak fwa yo gen opòtinite a.**

**Li enpòtan tou pou ou konnen ke si pitit ou a ap fè yon bagay ki ka fè tèt yo oswa lòt moun mal, nou pa ka kenbe sa a konfidansyèl epi nou ap diskite sou sa ak yon adilt ki awopriye.**

Ekip Medsin Adolesan an disponib pou reponn kesyon epi diskite sou pwoblèm sante avèk ou ansanm ak adolesan ou an. Nou vle travay ansanm avèk ou pou ede adolesan oswa jèn adilt ou an fè pi bon chwa pou yon avni ki an sante.

### **Vizit Sante Adolesan an**

Adolesan yo ta dwe vizite founisè swen prensipal yo regilyèman. Akademi Ameriken pou Pedyatri (American Academy of Pediatrics) ak kèk lòt òganizasyon rekòmande yon vizit omwen chak ane. Lè ou al wè doktè , gen kèk bagay lepisouvan y ap fè pou ou, tankou:

- Pran mezi wotè w, pwa w, ak tansyon w; siveyans kwasans jeneral ou ak devlopman ki lye ak pibète
- Tès depistaj pou vizyon (je) ak tandé (zòrèy)
- Yon egzamen fizik konplè
- Vaksen
- Evalyasyon pou si ou gen pwoblèm sante kwonik

Kòm timoun yo vin pi gran epi yo kòmanse vin adilt, vizit lakay founisè yo ap kòmanse genyen ladan yo:

- Diskisyon sou pèfòmans nan lekòl la, relasyon ak kanmarad yo, ak plan yo genyen pou avni yo
- Evalyasyon risk ak konsèy preventif konsènan sante mantal, aksidan, itilizasyon sibstans, seksyalite, kontrasepsyon, maladi seksyèlman transmisib (MST), nitrisyon, egzèsis, ak patisipasyon nan aktivite espò
- Diskisyon sou MST, tès ak prevansyon
- Diskisyon sou VIH ak SIDA, tès ak prevansyon

Lòt sèvis ki disponib nan klinik lan oswa lòt sèvis sou referans si sa nesesè:

- Papye travay ak egzamen fizik pou deside ki tip espò ou ka fè
- Sèvis konsèy kontrasepsyon
- Evalyasyon maladi ki lye ak apeti
- Sèvis Sipò LGBTQ+
- Referans pou sèvis sante mantal/emosyonèl
- Nitrisyon, egzèsis ak konsèy sou abitud detoulèjou w ak referans
- Asistans travayè sosyal
- Referans pou kite filmen
- Referans vè lòt founisè medikal ak espesyalis chirijikal

### **Resous sou entènèt**

Nycyouthhealth.org

Nyc.gov/teen

Aap.org

Youngwomenshealth.org

Youngmenshealthsite.org